



A tout Fanmi ki enterese patisipe nan kan yo:

Nou trè kontan konnen ke ou enterese nan Camp Erin® South Florida!

Camp Erin se yon kan ki **GRATIS** kote ou dòmi pou wikkenn nan, ki fèt pou jèn moun ant' 6 a 17 an daj avèk fanmi yo ki an dèy akoz lanmò yon moun ki te enpòtan nan lavi yo. Camp Erin se yon kan ki kombine edikasyon sou kisa ki chagren, avèk sipò emosyonèl atravè aktivite tradisionèl ki fèt nan kan yo. Anba direksyon pwofèsyonèl nan koze dèy avèk volontè byenveyan ki antrene, patisipan nan kan yo ap benefisyé de yon anviwònman sipòtif ki la pou ede yo jere dèy yo, aprann sa ki esansyèl pou yo siviv, e etabli koneksyon avèk kanmarad ki gen menm laj avèk yo e ki an dèy tankou yo.

Pou ou anrejistre timoun ou (yo) nan Camp Erin, tanpri konplete etap sila yo:

1. **SOUMÈT YON APLIKASYON POU TIMOUN NAN:** Ranpli e soumèt yon fòm aplikasyon pa timoun nan adrès CampErin@catholichospice.org. Tanpri atache yon kopi kat asirans pitit ou (si li aplikab)
2. **KOMPLETE YON ENTÈVYOU AN FANMI:** Apre nou resevwa aplikasyon fanmi ou an, yon manm ekip Camp Erin nan pral kontakte ou pou planifye yon entèvyou ak fanmi an pou yo kapab revize aplikasyon an e pou ede fanmi ou abitye avèk pwogram kan nou an. Entèvyou a pral ede nou tou pou nou vin konnen timoun ou pi byen, e pou detèmine si yo pare pou kan an, e si Camp Erin se yon bon chwa pou reponn a bezwen aktyèl yo.
3. **PATISIPE NAN ORYANTASYON “SAVE YOUR SPOT” LA:** Prezans ou nan “Save Your Spot” se yon opòtinite pou ou menm avèk patisipan nan kan an rankontre manm ekip Camp Erin yo nou yo avèk lòt patisipan yo tou, e pou ou aprann plis enfòmasyon sou ak kisa ou ka atann ou nan patisipasyon ou nan kan an. Prezans ou obligatwa e sa pral konfime plas timoun ou nan kan an. Yo pral ba ou plis detay sou “Save Your Spot” apre entèvyou ak fanmi a.
4. **PATISIPE NAN KAN AN:** Yon fwa ou konplete etap presedan yo, sèl etap ki rete ou se pou timoun ou yo patisipe nan kan an ! Apre yo fin pase nan Camp Erin pou yon premye fwa, patisipan yo gen dwa pou yo retounen ankò YON fwa pa ane

Si ou ta gen nenpòt kestyion oubyen ou ta bezwen asistans pou ou ranpli aplikasyon ou, tanpri rantre an kontak ak ekip nou nan pa telefòn nan **(954) 944-2709** oubyen pa imèl nan CampErin@catholichospice.org.

Sensèman,
The Camp Erin South Florida Team

Camp Erin South Florida is brought to you by Catholic Hospice in partnership with Eluna Network

14875 NW 77th Avenue #100, Miami Lakes, FL 33014

Website: www.camperinsouthflorida.org | Instagram: @CampErinSouthFlorida



APLIKASYON POU PATISIPAN NAN CAMP ERIN SOUTH FLORIDA 2025

Non Konplè Timoun nan: _____ Non ke li Prefere: _____

Dat li Fèt (mwa/jou/ane): _____ Laj li: _____ Gwosè Mayo li mete: _____

Sèks: Gason Fi Non-Binè

Pwonon li preferé: _____

(Egzanp an Anglè: She/Her/Hers, He/Him/His, They/Them/Theirs)

Adrès Postal Timoun nan (Vil/Eta/Kòd Postal): _____

Ras/Etnisite (Koche tout sa ki aplike yo): Nwa/Ameriken Afriken Blan/Kokazyen Ispanik/Latinx
 Azyatik Miltirasyal Lòt Ras (tanpri endike kisa li ye): _____

Èske timoun sa a patisipe nan Camp Erin oparavan? Wi Non If Yes, Year/Location? _____

Èske ou pale ak pitit ou sou posibilité li genyen pou li patisipe nan Camp Erin? Wi Non

Enkyetid prensipal ou avèk/oubyen atant ou genyen sou kisa pitit ou pral benefisyé lè ke li patisipe nan Camp Erin: _____

Tanpri endike si ou pral bezwen asistans avèk transpò. (SÈLMAN POU KAN KI AP FÈT NAN "CAMP OWAISSA BAUER" NAN HOMESTEAD)

BROWARD BUS: 4790 N State Road 7, Lauderdale Lakes, FL 33319

MIAMI BUS: 14875 NW 77th Avenue, Miami Lakes, FL 33014

DIRECT: Non, Mwen pap bezwen asistans ak transpò. Mwen pral depoze e map vin chèche pitit mwen nan kan an.

Èske ou gen moun nan fanmi ou ki afilye avèk Militè? Wi Non Si ou reponn Wi, nan ki branch li ye? _____

Èske moun ki mouri a se yon moun enpòtan ki te pote swe a patisipan ki nan kan an? Wi Non

Nan dènye ane a, èske ou menm oswa nenpòt moun nan fanmi w kalifye pou nenpòt pwogram asistans gouvènman an? Wi Non

Non Paran/Gadyen Legal: _____ Relasyon li avèk timoun nan: _____

Imèl (tanpri ekri li byen klè): _____

Nimewo Telefòn: _____ Èske tèks mesaj OK? Wi Non

Pi bon lè pou yo Kontaktew: _____

Non Kontak pou Ijans (ki pa paran oswa gadyen): _____

Relasyon ak Timoun nan: _____ Nimewo Telefòn li: _____

Kijan ou tande pale de Camp Erin? _____



NON PATISIPAN AN:

ISTORIK PATISIPAN AN AVÈK LANMÒ/DÈY

TANPRI ENKLI PI FÒ DETAY OU KA BAY LÈ WAP REPONN KESTYON SILA YO. NOU KONPRANN KE REPONS OU A SÈTEN NAN KESTYON SA YO KAPAB DIFISIL; SEPANDAN, NOU VLE KAPAB FOUNI PI BON SWEN KE NOU KA BAY A PITIT OU.

Non konplè moun ki mouri a: _____ Relasyon li avèk timoun nan: _____

Dat li mouri: _____ Laj moun ki mouri a lè li te mouri: _____

Èske nou te atann nou a lanmò a, oswa li te sibit? _____ Lakòz lanmò a: _____

Tanpri dekri nan ki fason yo te esplike lanmò a a timoun nan (yo): _____

Kòman ou ta dekri estil komunikasyon fanmi an genyen anrapò a lanmò a? (Koche youn)

Ouvè Adekwa Piti Nou evit Pa genyen

Tanpri tyeke si nenpòt nan fraz sila yo **VRE**:

- Timoun/Adolesan an te preznan lè lanmò an rive.
 Timoun/Adolesan an pa konprann done ki genyen sou kisa ki koze lanmò a.
 Timoun/Adolesan an aprezan ap resevwa sipò pwofesyonèl. Si ou reponn Wi, esplike sa: _____
 Se pa premye eksperyans timoun nan avèk lanmò. Si se kòrèk, esplike kòman: _____

Tanpri endike lòt faktè ki kapab afekte dèy timoun nan pòte (pa egzanp, chanjman, maladi, demenajman, divòs, istorik abi, nouvo maryaj, finans, lòt pèt) _____

Tanpri esplike kòman pitit ou eksprime ke li an dèy. Èske yo pale san rezèv de moun ki mouri a? _____

Reyakson a lanmò a: (Koche tout konpòtman ke timoun nan demonstre apre lanmò moun ke yo te konnen an)

- | | | |
|--|---|---|
| <input type="checkbox"/> Retire/Isole tèt li | <input type="checkbox"/> Sèvi ak Dwòg/Alkòl | <input type="checkbox"/> Pè _____ |
| <input type="checkbox"/> Depresyon/Tristès | <input type="checkbox"/> Fè lòt moun oubyen tèt li mal/ditò | <input type="checkbox"/> Panse ke lanmò a sete fòt pa li |
| <input type="checkbox"/> Panse a/pale de tiye tèt li | <input type="checkbox"/> Kòlè/Agresivite | <input type="checkbox"/> Panse ke lanmò a se yon pinisyon li ye |
| <input type="checkbox"/> Kochma | <input type="checkbox"/> Kriye anpil | <input type="checkbox"/> Gen anksyete lè moun pa bò kotel |
| Lòt Bagay (tanpri bay detay): _____ | | |

Gen difikilte avèk: (Koche tout sa ki korespond yo) Enèji Pwa li Prezans li lekòl Estim li gen pou tèt pal

Dekri pèsonalite timoun nan e presize ki nenpòt bezwen espesyal li genyen (pa egzanp, nan lagaj li, enfimite, e/oubyen bezwen relijye), koutim ki genyen nan fanmi an, aspè kiltirèl, konpòtman/imè ki anòmaltural ke nou ta dwe okouran de yo, pou nou kapab sèvi pitit ou pi byen . _____



FÒM KONSANTMAN POU SWEN MEDIKAL/CHIRIJKAL FÒM ENFÒMASYON TRETMAN DIJANS E MEDIKAL

Non: _____ Dat li Fèt: _____

Non Paran/Gadyen an: _____ Relasyon li ak Timoun nan: _____

Antan ke paran/gadyen legal timoun ki liste sou fòm sa a, mwen bay otorizasyon konplè mwen a manm ekip Camp Erin® nan oswa ajan yo pou yo sekirize swen medikal oswa tretman pou timoun sa a. Tretman sa a kapab enkli asistans nan men doktè, klinik medikal, lopital, enfimyè ki antrene, teknisyen ijans medikal, oswa de lòt pwofesyonèl nan swen sante nan ka kote yon maladi oswa yon blesi ta rive, kote sa mande swen imeda sou plas, jan ke ekip Camp Erin lan detèmine li. Na ka kote yon ijans ta rive e ke yo pa kapab rantre an kontak avèk mwen, mwen bay pèmisyon a enstitisyon medikal tretan an avèk/oubyen founisè swen medikal yo pou yo bay nenpòt swen ki nesesè a pitit mwen. Mwen bay otorizasyon tou a Camp Erin avèk ajan yo pou yo divilge nenpòt oswa tout enfòmasyon ke yo panse ki apwopriye e ki nesesè pou sekirize swen ki apwopriye pou timoun mwen. Mwen agreeye ke mwen responsab pou nenpòt swen konsa ke yo bay a pitit mwen e mwen ap endemnifye e pap rann Camp Erin responsanb pou swen ki bay la e pou kou e depans ki soti nan sa.

Tanpri dekri nenpòt twoub lasante avèk/oubyen pwoblèm timoun ou genyen (pa egzanz, limitasyon fizik, restriksyon nan dyèt/manje li, si li sèvi avèk linèt/lantiy kontak pou korije vizyon ou, istorik medikal ki enpòtan ak lòt bagay. Si pa genyen, ekri "NONE": _____

Liste tout medikaman* (avèk ou san preskripsyon) ke pitit ou pral bezwen pran pandan yo nan kan an:

Non Medikaman an	Dòz	Frekans	Doktè ki Preskri li	Rezon ki fèl pran yo

TANPRI POTE MEDIKAMAN YO NAN BOUTÈY ORIJINAL YO

Tanpri liste nenpòt alèji (pa egzanz sezonyè, a manje, a medikaman, e nenpòt lòt alèji) e endike rezon yo: _____

Èske pitit ou ap pran swen nan men yon Doktè Premye Swen (Primary care Physician PCP)? Wi Non

Non Doktè Premye Swen an PCP: _____ Nimewo Telefòn Phone Number : _____

Adrès Doktè a: _____

Èske gen yon lopital ke asirans ou madate? Wi Non

Si se Wi, ekri non ak adres lopital ou chwazi a : _____

Èske pitit ou gen asirans medikal? Wi Non *SI SE WI, ATACHE YON KOPI KAT ASIRANS SANTE OU

Non Founisè Asirans Sante ou: _____ Nimewo Telefòn: _____

Non Moun ki Pran Asirans la: _____ Nimewo Polis avèk Nimewo Gwoup la: _____

Siyati Moun ki Pran Asirans la: _____ Dat: _____



NON PATISIPAN AN:

FÒMILÈ POU OTORIZE RELACHE TIMOUN NAN

Non Patisipan an: _____

Dat Patisipan an Fèt: _____

Mwen se paran oswa gadyen legal timoun ki liste nan fòm sila. Mwen otorize e mande pou Camp Erin®, manm ekip yo, e/oswa volontè yo pou yo remèt timoun nan bay moun ki liste nan fòm sa a pandan, oubyen alafen Camp Erin yo, pou yo kapab transpòte timoun nan oswa jwenn gadyennaj timoun ki se patisipan nan kan an:

Non Moun ki Otorize a: _____

Adrès (Non lari a/Vil/Eta/Kòd Postal): _____

Nimewo Telefòn Kay li: _____

Nimewo Telefòn li: _____

Imèl: _____

Si li nesesè pou pitit mwen kite Camp Erin avan fen pwogram nan pou lakòz maladi, blesi, oubyen pwoblèm konpòtman, e yo pa ka jwenn mwen, mwen bay pèmisyon pou ke pitit mwen relache nan men moun ke non li liste nan fòm sila a. Mwen konprann ke Camp Erin kapab egzije wè yon fòm idantite nan men nenpòt moun ki vin chèche timoun nan nan Camp Erin, e sa enkli mwen menm.

Mwen dechaje Camp Erin, manm ekip la, volontè yo, ak reprezantan yo de responsabilite pou relache timoun mwen ki nan kan an bay moun ki liste nan fòm sila a.

Mwen konprann e mwen agreeye ke, nan ka yon bezwen anrapò ak sante oswa yon lòt ijans, Camp Erin kapab relache pitit mwen bay pwofesyonèl swen sante oubyen bay lòt manm ekip la ki apwopriye.

Mwen li e konprann fòm sa a annantye, e mwen agreeye ke mwen lye avèk tout kondisyon ki nan fòm sa a.

Siyati Paran/Gadyen an

Dat



NON PATISIPAN AN:

FÒM OTORIZASYON CATHOLIC HOSPICE, INC. POU KOMINIKE ENFÒMASYON

Mwen, avèk siyati mwen sila, se gadyen _____ e mwen volontèman patisipe e bay otorizasyon mwen pou timoun mwen ki minè parèt nan foto e/oswa nan entèvyou ki anrapò a Camp Erin® avèk aktivite li yo.

Mwen bay konsantman mwen pou yo kapab sèvi avèk materyèl sa yo sou nenpòt fòm medya (tankou piblikasyon, radyo, televizyon, oswa sou entènèt). Mwen konprann tou ke idantite mwen kapab divilge anrapò avèk foto yo e entèvyou yo.

Mwen relache Catholic Hospice, Catholic Health Services, avèk Achidiyosèz Miami an, ajan li yo avèk anplwaye yo de tout responsabilite anrapò avèk tout sa ki ekri pi wo a. Mwen renonse a dwa mwen pou mwen enspekte e apwouve pwodui fini an, reklam oswa yon lòt kopi ki kapab sèvi an koneksyon avèk sa ki ekri nan fòm nan.

Mwen bay konsantman mwen a sa ki ekri nan fòm nan, san espektativ oswa san atant monetè a mwen menm jodi a oswa apre. Agreman sa a legalman obligatwa pa rapò a eritye mwen, reprezantan pèsonèl, e moun ke yo dezinye.

- Koche bwat sa a si ou PA BAY konsantman ou e ou pa otorize pou pitit ou parèt nan foto e/oswa nan entèvyou ki relate a Camp Erin® avèk aktivite li yo.

Ekri Non ou (Paran ou Gadyen Legal)

Siyati Paran/Gadyen Legal

Dat

Ekri Non ou (Reprezantan Catholic Hospice)

Siyati Reprezantan Catholic Hospice

Dat